

BAB V

PANUTUP

5.1 Kacindekan

Ieu panalungtikan dikasangtukangan ku perluna tarékah pikeun ngawanohkeun jeung nepikeun ma'na, hususna ngeunaan ajén atikan moral anu aya dina novél. Ku lantaran kitu, hususna dina widang atikan, ieu hasil panalungtikan téh bisa dijadikeun bahan pangajaran maca novél. Éta hal pikeun numuwuhkeun sikep jeung moral siswa dina nyanghareupan kahirupan.

Tujuan ieu panalungtikan téh pikeun mikanyaho struktur carita jeung ajén atikan moral anu aya dina novél *Pandawa Dikakala* karya Hidayat Soesanto sarta hasilna dilarapkeun jadi bahan pangajaran maca novél di SMP. Data dina ieu panalungtikan téh, nyaéta struktur carita jeung ajén atikan anu sumberna tina novél *Pandawa Dikakala* karya Hidayat Soesanto sarta dilarapkeun kana bahan pangajaran maca novél di SMP. Tiori anu digunakeun dina ieu panalungtikan téh nyaéta: 1) tiori struktural Robert Stanton, anu ngawengku téma, Fakta carita (galur, tokoh jeung penokohan, latar) jeung sarana carita (judul, puseur implengan, gaya); 2) tiori ajén atikan moral Sudaryat anu ngawengku ajén moral manusa ka pangéran, moral manusa ka dirina, moral manusa ka manusa séjén, moral manusa ka alam, moral manusa kana waktu, jeung moral manusa dina ngahontal kasugemaan lahiriah batiniah. 3) kriteria milih bahan ajar nurutkeun Nasution anu ngawengku: (1) tujuan anu hayang dihontal; (2) dianggap mibanda ajén pikeun kahirupan manusa; (3) dianggap mibanda ajén pikeun warisan entragan saméméhna; (4) aya gunana pikeun ngawasa hiji paélmuan; jeung (5) luyu jeung kabutuh katut minat murid. Métode anu dipaké dina ieu panalungtikan téh nyaéta métode déskriptif analisis.

Hasilna kapaluruh, téma dina ieu novél téh nyaéta béntrokna Pandawa jeung Kurawa. Galur anu aya dina ieu novél téh nyaéta galur campuran anu kabagi kana lima tahapan nyaéta *situation, generating circumstances, rising action, climax, jeung denouement*. Palaku utama dina ieu novél nyaéta Yudistira, Bima, Arjuna, Nakula, jeung Sadewa. Palaku tambahan dina ieu novél nyaéta Aria Sangkuni, Aria

Widura, Resi Bisma, Resi Dorna, Citramarman, Duryudana, Dursasana, Suyudana, Dewi Gandari, Prbu Destarata, Babu Kunti, Pakacar Raja Pancala, jeung Purocana. Latar tempat dina ieu novél réréana aya di Nagri Astina. Latar waktuna di antarana sotent, wengi, isuk-isuk, jeung sajabana. Latar sosialna nyaéta jaman karajaan anu dicirian ku latar tempatna di karaton jeung ayana gologan resi jeung jalma biasa. Puseur implengan anu digunakeun nyaéta jalma katilu teukawatesanan. Pangarang nyoko kana sakabéh karakter. Pangarang di dieu bisa apal kana sakabéh paristiwa anu dialaman ku uanggal tokohna, teu ngan hiji tokoh wungkul. Gaya anu digunakeun ku pangarang di dieu nyaéta ngagunakeun basa buhun anu aya sababaraha kecap anu geus jarang dipaké, luyu jeung jalan carita na anu nyaritakeun jaman karajaan.

Nilik kana ajén atikan dumasar kana tiori Sudaryat, dina ieu novél kapaluruuh aya genep ajén atikan anu kacumponan nyaéta ajén moral manusa ka pangéran, moral manusa ka dirina, moral manusa ka manusa séjén, moral manusa ka alam, moral manusa kana waktu, jeung moral manusa dina ngahontal kasugemaan lahiriah batiniah. Tina genep ajén atikan moral éta téh anu pang réana mah nyaéta ajén moral manusa ka manusa séjén. Ieu hal katitén tina paripolah para palaku jeung narasi-narasi anu dijieu ku pangarang.

Sabada maluruh struktur carita jeung ajén atikanna, novél *Pandawa Dikakala* karya Hidayat Soesanto téh bisa dilarapkeun pikeun bahan pangajaran maca di SMP. Sabab luyu jeung kriteria milih bahan ajar nurutkeun Nasution anu lima, salian ti luyu jeung kritéria milih bahan ajar tangtuna ieu novél téh euyeub pisan ku ajén atikan moralna jeung babasan paribasa.

Jadi, sajaba dipaluruh jeung dianalisis, bisa dicindekkeun yén ieu novél téh miboga struktur carita anu lengkep, ti mimiti téma, fakta carita, jeung sarana carita. Sajaba ti éta ajén atikan moral anu kasampak dina ieu novél téh kawilang hadé jeung bisa jadi picontoeun pikeun kahirupan sapopoé. Ku kituna ieu novél bisa dijadikeun bahan pangajaran di sakola.

5.2 Implikasi

Hiji panalungtikan tangtuna moal bisa leupas tina anu ngarana kaonjoyan jeung kahéngkéran. Sacara umum ieu panalungtikan miboga kahéngkéran dina sababaraha hal, tapi tetep dipiharep yén kaonjoyan anu aya dina ieu panalungtikan bisa mawa kahadéan pikeun pamacana. Utamana dina nambah pangaweruh jeung kamekaran dina ranah analisis kasusastraan. Dumaasar kana hasil panalungtikan, ieu panalungtikan dipiharep bisa ngeuyeuban paélmuan ajén atikan moral dina karya sastra, utamana dina novél Sunda, jeung bisa jadi bahan référénsi pikeun bahan pangajaran.

5.3 Rékoméndasi

Aya sawatara saran anu disusun ku panalungtik pikeun pihak-pihak anu aya patalina jeung ieu panalungtikan, di antarana: 1) pikeun panalungtikan satulunya, dipiharep sangkan bisa ngamanpaatkeun ieu panalungtikan pikeun panalungtikan anu satulunya; 2) pikeun guru, dipiharep ieu panalungtikan bisa dijadikeun référénsi dina milih bahan pangajaran maca sangkan bisa leuwih *berfareasi* dina kgiatan pangajaran; sarta 3) pikeun masarakat atawa anu maca, dipiharep bisa tuluy ngeuyeuban pangaweruh ngeunaan karya sastra Sunda hususna karya sastra novél. Salian ti éta, ajén atikan moral anu kaguar dina ieu panalungtikan bisa dijadikeun eunteung tur dilarapkeun dina kahirupan sapopoé.